

**RESEPSI PAMAOS TUMRAP CERKAK DHOKTER JAGAD ANGGITANIPUN
KUSWAHYO SS RAHARJO**
(Studi Kasus 20 Resepsi Mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa FBS UNY
Angkatan 2014)

E-JOURNAL SKRIPSI

Kaaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Salah Satunggaling
Sarat Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



dening
Maratun Nabilah
NIM 14205241063

Yogyakarta, 03 Juli 2018

Pembimbing,

Dr. Afendy Widayat, M. Phil.
NIP 19620416 199203 1 002

Yogyakarta, 03 Juli 2018

Ketua Jurusan
Pendidikan Bahasa Daerah,

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.
NIP 19640403 199001 1 001

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

RESEPSI PAMAOS TUMRAP CERKAK DHOKTER JAGAD ANGGITANIPUN KUSWAHYO SS RAHARJO

(Studi Kasus 20 Resepsi Mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa FBS UNY Angkatan 2014)

**READER RESPONSE IN SHORT STORY DOKTER JAGAD BY KUSWAHYO SS RAHARJO
(Reader Response Study of 20 Students Java Language Education FBS UNY Year 2014)**

Dening: Maratun Nabilah, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. nabilahmaratun@gmail.com

Sarining Panaliten

Ancasipun panaliten menika wonten kalih, inggih menika kangge ngandharaken *resepsi* mahasiswa wonten *aspek tema, fakta cariyos (alur, panggaraping paraga, saha latar)*, sarta *horison harapan* mahasiswa tumrap cerkak *Dhokter Jagad* anggitanipun Kuswahyo SS Raharjo.

Panaliten menika kalebet panaliten *eksperimental*. Subjek wonten panaliten menika inggih 20 mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2014. Cara nemtokaken *sampel* kanthi cara *random sampling*. Cara ngempalaken *data* ngginakaken *kuesioner terbuka* saha *kuesioner tertutup*. Keabsahan *data* dipunmangretosi saking *validitas konstruk (expert judgement)*. Koefisien *reliabilitas*-ipun 0,643. Teknik *analisis data* wonten panaliten menika ngginakaken *teknik analisis deskriptif kualitatif* saha *kuantitatif*.

Asiling panaliten menika nedahaken menawi: (1) mahasiswa paring pamanggih saha pambiji tumrap sakawan *aspek (tema, alur, panggaraping paraga, saha latar)* wonten *kuesioner terbuka* saha *tertutup*. (a) *aspek tema*, mahasiswa kathah-kathahipun gadhah pamanggih menawi *tema* wonten cerkak menika *unik* kanthi pawadan boten asring wonten ing cerkak sanesipun; (b) *aspek alur*, saperangan ageng mahasiswa nedahaken menawi *alur* cerkak menika sae saha cetha kanthi pawadan gampil dipunmangretosi; (c) *aspek panggaraping paraga*, kathah-kathahipun ngandharaken menawi paraga wonten cerkak menika sae kanthi pawadan saged narik emosi pamaos lumantar pacelathon ing antawisipun paraga; saha (d) *aspek latar*, saperangan ageng mahasiswa ngandharaken menawi *latar* cerkak menika narik kawigatosan pamaos kanthi pawadan *latar* wonten cerkak menika prasaja, cetha, saha ringkes. (2) Adhedhasar *horison harapan, Latar belakang pendidikan* pamaos inggih menika mahasiswa *program studi* Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2014.

Abstract

The aim of this study is to describe the reception of college students Java Language Education as respondents on the aspects of the theme, fact the story and the horizon of expectation to a short story Dhokter Jagad by Kuswahyo SS Raharjo.

This study including experimental research. Subject of this study is 20 reception of college students Java Language Education of year 2014. Determine the sample by random sampling. Collecting data with opened questionnaires and closed questionnaires. Validity of data by expert judgement. Reliability coefficient 0,643. Data analysis using quantitative and qualitative descriptive method.

Result of this study show that: (1) college students provide advice and assessment on four aspects (theme, plot, characterization, and settings) in opened and closed questionnaires. (a) aspect of theme, many college students argue that theme of this short story is unique with reason rarely encountered in other short stories; (b) aspect of plot, many college students argue that plot in this short story is good and obvious with reason easy to understand; (c) aspect of characterization, many college students argue that characterization in this short story is good with reason attracts the reader's emotions by the conversation, and (d) aspect of settings, many college students argue that settings in this short story is interesting with reason simple, obvious, and compendious. (2) horizon of expectation of respondents in this study is college students of Java Language Education of year 2014.

PURWAKA

Karya sastra inggih menika kegiyatan *kreatif* minangka asiling cipta, rasa, karya pangripta ingkang tuwuh wonten satengahing masarakat, sarta *refleksi* tumrap *gejala sosial* wonten masarakat. *Karya sastra* kalebet *karya seni* ingkang ngginakaken basa minangka *media-nipun* (Jabrohim, 2015: 92). Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Mustofa (2016: 1) ingkang ngandharaken menawi *karya sastra* inggih menika *karya seni* ingkang ngginakaken basa minangka *media-nipun*, wosipun cariyos nedahaken gesang padintenan masarakat, satemah pangripta saha pamaos gadhah sesambetan minangka *pencipta* saha *penikmat sastra*. Saking andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan menawi *karya sastra* menika asiling cipta, rasa, karya pangripta ingkang nedahaken gesang padintenan masarakat ngginakaken *media* basa.

Pamaos minangka *penikmat* sastra gadhah *peran* wigatos tumrap *karya sastra*. Satunggaling wujud *apresiasi* saking pamaos inggih menika paring pamanggih tumrap *karya sastra*. Pambiji tumrap *karya sastra* boten saged uwal saking *peran* pamaos minangka *penikmat* sastra, amargi *karya sastra* dipunripta supados dipunwaos dening pamaos satemah saged nemtokaken makna, paring pambiji saha paring pamanggih tumrap *karya sastra*. Wolfgang Iser lumantar Susanto (2016: 41) ngandharaken menawi *karya sastra* saged dipunsebut *karya sastra* menawi sampun dipun-*respon* dening pamaos. Tanpa wontenipun pamaos, *karya sastra* namung dados *manuskrip*.

Nalika pamaos maos *karya sastra*, inggih awujud novel, cerkak, geguritan, menapa dene *karya sastra* sanesipun tamtu saben pamaos gadhah pamanggih ingkang beda antawisipun pamaos satunggal kaliyan sanesipun. Pamanggih menika saged awujud pamanggih *positif* menapa dene *negatif*, *aktif* menapa dene *pasif*. Pamanggih menika ingkang narik kawigatosan kangge dipunteliti, kadospundi pamaos paring pambiji saha pamanggih tumrap *karya sastra*. Dados, *fokus* panaliten tumrap sastra boten namung naliti gayut antawisipun *teks* saha makna *teks*, ananging ugi gayut antawisipun *teks* saha pamaos utawi *penikmat sastra*.

Pamanggihipun pamaos wonten *kajian sastra* dipunsebut *resepsi sastra* utawi asring ugi dipunsebut *estetika resepsi*. Mustofa (2016: 2) ngandharaken menawi *fokus* panaliten tumrap *sastra* ingkang asring dipunteliti inggih *teks* saha makna saking *teks* kasebut, antawisipun *teks* satunggal kaliyan *teks* sanesipun (*intertekstual*), saha gegayutan antawisipun *teks sastra* kaliyan pangriptanipun (*struktur genetik*), dereng kathah panaliten ingkang ndadosaken pamaos minangka *fokus* panaliten *sastra*. Sinaosa pamaos utawi *penikmat sastra* boten gadhah *peran kreatif* nalika mujudaken satunggaling *teks karya sastra*, ananging gadhah *peran* wigatos tumrap *karya sastra*.

Resepsi sastra minangka satunggaling sarana kangge paring pambiji kanthi cara paring pamanggih tumrap *karya sastra* ingkang sampun dipunwaos. *Karya sastra* minangka *subjek* panaliten *resepsi sastra* tamtu kedah *karya* ingkang narik kawigatosan pamaos. Jinis *karya*

sastra wonten kalih, inggih menika *karya sastra fiksi (imajinatif)* saha *non-fiksi (non-imajinatif)*. Widayat (2011: 45) ngandharaken menawi *karya sastra fiksi* awujud geguritan, *prosa* (cerkak, cerbung, novel, saha sanesipun), sarta drama. Ewadene *karya sastra non-fiksi* awujud *esai, kritik, biografi, autobiografi, sejarah, memoar, catatan harian*, saha layang.

Karya sastra ingkang dipun-resepsi inggih menika *karya sastra fiksi prosa* ingkang wujudipun cerkak. Pamilihing *genre* cerkak tumrap panaliten *resepsi* sastra adhedhasar pamanggih saking Edgar Allan Poe (lumantar Nurgiyantoro, 2013: 12) ingkang ngandharaken menawi cariyos cekak utawi cerkak langsung rampung dipunwaos sapisan, mbetahaken wekdal kirang langkung setengah ngantos kalih jam. Cacahipun kaca cerkak wonten kalawarti kirang langkung 3 ngantos 7 kaca, menawi wonten ariwanti langkung cekak malih (Widayat, 2011: 98). Sasanesipun menika, *tema* wonten cerkak menika winates namung satunggal, *alur*-ipun ngginakaken *alur tunggal*, saha paraganipun boten kathah amargi satunggal cariyos langsung rampung, *masalah* wonten cerkak ugi boten kathah. Padatanipun, satunggal *masalah memuncak* lajeng langsung wonten *penyelesaian* kangge mungkasi cariyos.

Stanton, lumantar Nurgiyantoro (2013: 31-32) ngandharaken menawi *unsur pembangun karya fiksi* dipunperang dados 3, inggih menika *fakta, tema*, saha *sarana* cariyos. *Fakta* cariyos dipunperang dados 3 inggih menika *alur* utawi *plot*, panggaraping paraga, saha *latar* cariyos. Tiga *unsur* kala wau kalebet *unsur fiksi* ingkang

faktual, ateges *unsur* menika saged dipunangen-angen prastawa saha *eksistensi*-nipun. Pramila saking menika, *fakta* cariyos ugi dipunsebut *struktur faktual*. *Tema* cariyos inggih menika dhasaring cariyos ingkang gayut kaliyan gesang padintenan masarakat, kadosta prakawis katresnan, *sosial, religi*, saha sanesipun. Ewadene *sarana* cariyos utawi dipunsebut ugi *sarana kesastraan (literary devices)* inggih menika *teknik* ingkang dipunginkaken pangripta nalika milih saha nyerat *detail-detail* cariyos (prastawa utawi kadadosan) dados satunggaling cariyos. *Sarana* cariyos dipunperang dados 3, inggih menika *sudut pandang, gaya bahasa* saha *nada*, sarta *simbolisme* saha *ironi*.

Fakta cariyos, inggih *alur* utawi *plot*, panggaraping paraga, saha *latar* wonten satunggaling *karya fiksi* nedahaken kadadosan *imajinatif* saking cariyos. Ateges, kadadosan *imajinatif* menika saged dipuntampi kanthi *logis*. Pramila saking menika, *resepsi* pamaos winates namung ngrembag *tema, alur*, panggaraping paraga, saha *latar*, supados nggampilaken mahasiswa paring pamanggih tumrap cerkak kasebut.

Cerkak ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika inggih cerkak kanthi irah-irahan *Dhokter Jagad* anggitanipun Kuswahyo SS Raharjo ingkang kapacak wonten buku *Antologi Pesta Emas Sastra Jawa Daerah Istimewa Yogyakarta*. Cerkak menika narik kawigatosan pamaos amargi cariyosipun *unik*.

Saking dhasar panaliten kasebut saged dipunpendhet dudutan watesaning prakawis, inggih menika.

1. *Resepsi* mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa Angkatan 2014 tumrap *tema saha fakta* cariyos wonten cerkak *Dhokter Jagad* anggitanipun Kuswahyo SS Raharjo;
2. *Horison harapan* mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa Angkatan 2014 tumrap *tema saha fakta* cariyos wonten cerkak *Dhokter Jagad* anggitanipun Kuswahyo SS Raharjo.

Wonten panaliten menika ngginakaken teori resepsi sastra. *Resepsi sastra* inggih menika *reaksi* pamaos, kanthi cara pamaos paring pamanggih saha pambiji tumrap *karya sastra* ingkang dipunwaos (Junus, 1985: 1).

Horison harapan (*horizon of expectation*) inggih menika *interaksi* antawisipun *karya sastra* saha pamaos kanthi *aktif, sistem* utawi *horison harapan karya sastra aktif, sistem* utawi *horison harapan* wonten satunggal *pihak* saha *sistem interpretasi* wonten salebeting masarakat *penikmat* wonten *pihak* sanes (Jauss lumantar Jabrohim, 2015: 146).

Cerkak, kados dene namanipun inggih menika cariyos ingkang cekak. Ananging, boten wonten paugeran utawi *kesepakatan* ing antawisipun panganggit saha para *ahli* ngengingi ukuran cerkak. Panjangipun cerkak boten tamtu, wonten cerkak ingkang cekak sanget (*short short story*) kirang langkung 500 tembung, wonten ugi cerkak ingkang panjangipun *standar* (*midle short story*), saha cerkak ingkang cariyosipun panjang kadadosan saking puluhan ewu tetembungan (*long short story*). Menawi dipuntingali saking *isi-nipun* cerkak, caranipun ngandharaken cariyos kanthi ringkes, boten ngantos *detil-detil*

mligi ingkang sipatipun *mempertpanjang* cariyos (Nurgiyantoro, 2013: 12).

Segers (2000: 109-110) ngandharaken menawi *aspek* panaliten wonten panaliten Indiana menika dipunperang dados kalih, inggih menika *aspek intelektual* saha *aspek emosional*. Panaliten menika ngginakaken cara-cara panaliten Indiana, kanthi *fokus* wonten perangan *aspek intelektual* kanthi *modifikasi*. *Aspek intelektual* wonten panaliten menika inggih *tema, saha fakta* cariyos (*alur, panggaraping paraga, saha latar*).

CARA PANALITEN

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif* kanthi metode *resepsi eksperimental*. *Pendekatan* ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika inggih *pendekatan pragmatik*.

Panaliten menika kalampahan wulan Maret-April 2018. Panaliten menika kalampahan kanthi cara *online* lumantar salah satunggaling *aplikasi* ingkang wonten salebeting *Google Drive*, inggih menika *Google Form*.

Pirantos panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika inggih kuesioner terbuka saha kuesioner tertutup. *Validitas* wonten panaliten menika ngginakaken *validitas isi*.

Reliabilitas instrumen wonten panaliten menika dipunmangretosi saking asil *olah data* ngginakaken *rumus Alpha-Cronbach* ingkang dipunproses wonten *program* SPSS versi 23. Asil *olah data* ngginakaken *program* kasebut nedahaken menawi *koefisien Cronbach instrumen* $r_{xx} = 0,643$. Tegesipun,

dipunmangretosi menawi *instrumen* wonten panaliten menika sampun *reliabel*.

Analisis data ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika inggih *teknik analisis data deskriptif* tumrap *kuesioner terbuka*, saha *statistik deskriptif* mawi *persentase* tumrap *kuesioner tertutup*.

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

a. Asiling Panaliten

Asil panaliten dipunmangretosi sasampunipun *olah data*. *Data* menika kaperang dados kalih *instrumen* panaliten, inggih menika *kuesioner terbuka* saha *kuesioner tertutup* adhedhasar *tema* saha *fakta* cariyos, sarta *horison harapan* pamaos tumrap cerkak *Dhokter Jagad* anggitanipun Kuswahyo SS Raharjo. *Angket horison harapan* menika gayut kaliyan *harapan* saking pamaos adhedhasar kawruh *responden* wonten bidang *pendidikan*, kawruh, saha *kemampuan* nalika paring pamanggih saha pambiji tumrap *karya sastra*.

b. Pirembagan

1. Tema

Miturut pamanggih mahasiswa, *tema* cerkak menika *sosial*, medhis, saha gesang padintenan. Adhedhasar *kuesioner tertutup*, 16 mahasiswa sarujuk menawi *tema* cerkak *Dhokter Jagad* inggih *bab sosial* utawi gesang padintenan, 4 mahasiswa kirang sarujuk. Ewadene adhedhasar *kuesioner terbuka*, 1 mahasiswa *abstain* nalika nemtokaken *tema mayor*, saha 2 mahasiswa *abstain* nalika nemtokaken *tema minor*. Prakawis menika *dimungkinkan* amargi

tema cerkak menika boten sinerat kanthi *eksplisit*, kados pamanggihipun R19 wonten ngandhap menika.

“*Tema* ing cariyos narik kawigatosan kula, nanging radi angel dipunpahami amargi boten katingal kanthi gamblang.”

Miturut saperangan ageng mahasiswa, *tema* cerkak *Dhokter Jagad* narik kawigatosan. Kabuktekaken saking 16 mahasiswa sarujuk, 1 mahasiswa kirang sarujuk, 2 mahasiswa mangu-mangu, saha 1 mahasiswa boten sarujuk. Prakawis kasebut saged kabuktekaken saking pamanggih responden R15 wonten ngandhap menika.

“Inggih narik kawigatosan, amargi ngandharaken bab ingkang damel penasaran ing pungkasaning cariyos.”

Saking andharan kasebut, dipunmangretosi menawi *tema* cerkak menika narik kawigatosan, satemah ndadosaken pamaos tansah penasaran kaliyan cariyos cerkak menika, saha nggatosaken cariyos dumugi pungkasan.

Saking andharan wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan menawi *tema* cerkak *Dhokter Jagad* narik kawigatosan pamaos amargi *unik*. Saperangan ageng mahasiswa sarujuk menawi *tema* cerkak menika *bab sosial*. *Tema* wonten cerkak menika saged ugi dipunlebetaken wonten *kategori* medhis, amargi nyariosaken bab panaliten pribadi dening dhokter Jagad kangge mangretosi perangan ati pundi ingkang dados dhasaring manungsa tumindak awon. Saking pamanggih wonten nginggil dipunmangretosi menawi *tema* cerkak menika mujudaken *subjektifitas* pamaos amargi *tema* cerkak kasebut

implisit, boten dipunandharaken kanthi cetha ananging tetep narik kawigatosan pamaos.

2. Alur

Adhedhasar *kuesioner terbuka*, 13 mahasiswa sarujuk menawi *alur* wonten cerkak menika majeng. Kabuktekaken saking pamanggih responden R12 wonten ngandhap menika.

“*Maju*. Amargi cerkak menika *alur*ipun boten mbalik dhateng mangsa ingkang kapengker, ananging tansah majeng terus. Dene perangan Pak Dhokter Jagad ingkang nyariosaken tiyang ingkang nate nulak piyambakipun minangka mantunipun miturut kula boten saged kaanggep *flashback*, amargi wujudipun namung nyariosaken kanthi ringkes. Latar panggenanipun taksih wonten panggenan saderengipun. Ugi boten wonten pacelathon kalihan tiyang ingkang wonten ing mangsa kepengker menika.”

Saking pamanggih wonten nginggil sampun kaandharaken kanthi cetha *gambaran alur* wonten cerkak menika. Saperangan ageng mahasiswa sarujuk menawi *alur* wonten cerkak menika majeng. Wonten satunggaling *karya sastra* boten namung *alur* majeng saha mundur kemawon, ananging ugi wonten *alur campuran*. Adhedhasar *kuesioner tertutup* dipunmangretosi menawi 9 mahasiswa sarujuk *alur* wonten cerkak menika *alur campuran*, 5 mahasiswa kirang sarujuk, 1 mahasiswa mangu-mangu, saha 5 mahasiswa boten sarujuk. Mahasiswa ingkang sarujuk *alur* cerkak menika *campuran* pawadanipun kaandharaken dening R8 wonten ngandhap menika.

“*Campur*, amargi wonten ing cariyos menika dipunandharaken *alur* majeng ananging lajeng dipuncariyosaken ugi

bab cariyosipun dhokter jagad ingkang ketatu nalika jaman rumiyin.”

Saking andharan wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan menawi pamanggih mahasiswa tumrap cerkak *Dhokter Jagad* inggih menika *alur* wonten cerkak menika mujudaken kalih pamanggih, *alur* ingkang dipunginakaken inggih *alur* majeng saha *campuran*. *Alur* cerkak menika cetha, saha boten ndadosaken pamaos bingung. Pungkasaning cariyos narik kawigatosan mahasiswa. Prastawa-prastawa wonten cerkak menika narik kawigatosan, satemah mahasiswa maos cerkak menika dumugi pungkasaning cariyos.

3. Panggaraping Paraga

Satunggaling cerkak tamtu wonten paraga ingkang sipatipun sae, awon, saha *netral*. Pamanggih mahasiswa tumrap paraga wonten cerkak menika inggih 7 mahasiswa sarujuk menawi dhokter Jagad kalebet paraga *antagonis*, 7 mahasiswa kirang sarujuk, 5 mahasiswa mangu-mangu, saha 1 mahasiswa boten sarujuk. 9 mahasiswa sarujuk menawi paraga *protagonis* wonten cerkak menika inggih Oplet, 6 mahasiswa kirang sarujuk, 4 mahasiswa mangu-mangu, saha 1 mahasiswa boten sarujuk. Saking *data* wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan menawi paraga *protagonis* saha *antagonis* boten dipuntetepaken kanthi cetha, satemah mahasiswa bingung netepaken antawisipun paraga *protagonis* saha *antagonis*. Saperangan ageng mahasiswa netepaken dhokter Jagad minangka paraga *antagonis* kanthi pawadan kados pamanggihipun R2 ing ngandhap menika.

“*Egois*, amargi panaliten ingkang dipuntindakaken boten limrah ugi dipunlandhesi saking tuwuhing *dendam* utawi tatuning manah.”

Saking andharan wonten nginggil cetha menawi dhokter Jagad kalebet paraga *antagonis*. Ananging wonten ugi pamanggih ingkang boten sarujuk menawi dhokter- Jagad dipunlebetaken paraga *antagonis* amargi dhokter Jagad remen tetulung tumrap tiyang sanes, kados pamanggih R1 wonten *kuesioner terbuka* ing ngandhap menika.

“Sae amargi piyambakipun gadhah kekarepan ingkang becik ananging menawi tumindak ingkang mboten dipunpenggalih saged nuwuhaken perkawis ingkang kirang becik ing salajengipun.”

Adhedhasar *kuesioner tertutup*, 9 mahasiswa sarujuk menawi paraga *protagonis* saha *antagonis* wonten cerkak menika boten dipuntetepaken kanthi cetha, 5 mahasiswa kirang sarujuk, 4 mahasiswa mangu-mangu, saha 2 mahasiswa boten sarujuk.

Paraga wonten salebeting cerkak saged narik *emosi* pamaos. 15 mahasiswa sarujuk menawi dipuntingali saking paraganipun, cerkak menika sae, 3 mahasiswa kirang sarujuk, saha 2 mahasiswa mangu-mangu. Saking andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan menawi paraga wonten cerkak menika sae, saha saged narik kawigatosan pamaos.

4. *Latar*

Latar utawi *setting* nedahaken papan, wekdal, saha swasana wonten satunggaling cerkak. Saking *latar*, pamaos gadhah pangangen-angen lampahing cariyos kasebut.

Penggambaran latar ingkang cetha ndadosaken cerak menika narik kawigatosan pamaos.

Satunggaling papan saged dados *latar* ingkang sae. *Setting* ingkang prasaja saha ringkes mbangun cerkak kanthi sae saha narik kawigatosan pamaos. Pamanggih mahasiswa tumrap *latar* wonten cerkak *Dhokter Jagad* dipunmangretosi menawi 17 mahasiswa sarujuk *latar* wonten cerkak menika ringkes, saha 3 mahasiswa kirang sarujuk. *Latar* wonten cerkak menika boten mujudaken kathah papan kangge nggambaraken cariyos.

Latar wonten cerkak menika boten mujudaken kathah papan kangge nggambaraken cariyos. Prakawis menika kabuktekaken kanthi *respon* saking R1 kados ing ngandhap menika.

“*Latar papan*, wekdal, saha swasana menika sae amargi saged dadosaken pamaos ugi ngraosaken kadadosan ing salebeting cerkak menika.”

Latar wonten cerkak menika narik kawigatosan mahasiswa. 15 mahasiswa sarujuk, 4 mahasiswa kirang sarujuk, saha 1 mahasiswa boten sarujuk. Salah satunggaling mahasiswa kanthi *kode* R3 gadhah pamanggih kados ing ngandhap menika.

“*Latar* ing cerkak menika, sae saged ndudut kawigatosanipun tiyang ingkang maos. Amargi padatanipun nalika ing rumah sakit wanci dalu swasana dados *mistis*.”

Wonten ugi pamanggih mahasiswa ingkang kirang sarujuk saha boten sarujuk menawi *latar* wonten cerkak menika narik kawigatosan kanthi pawadan *latar* wonten cerkak menika *monoton*, kirang *variatif*, kados

pamanggihipun R4 saha R18 wonten ngandhap menika.

R4: “*Latar* papan saha wekdal menika kirang *variatif* ateges boten pindah. Menawi *latar* swasana menika sae.”

R18: “Kedah dipuntambahi amargi saperangan ageng namung wonten ing *laboratorium* RS.”

Saking andharan wonten nginggil saged dipunmangretosi menawi latar wonten cerkak menika miturut saperangan ageng mahasiswa kalebet latar ingkang narik kawigatosan amargi latar wonten cerkak menika prasaja, ringkes saha cetha. Latar ingkang mbingungaken pamaos boten saged dados daya tarik pamaos supados ngrampungaken cerkak dumugi pungkasaning cariyos.

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan wonten kuesioner terbuka saha tertutup ing nginggil saged dipunmangretosi menawi respon pamaos tumrap cerkak Dhokter Jagad nedahaken respon ingkang sae. Responden nedahaken ketertarikan tumrap cerkak Dhokter Jagad anggitanipun Kuswahyo SS Raharjo. Dudutan saking sakawan aspek wonten nginggil mujudaken respon mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2014 tumrap cerkak Dhokter Jagad anggitanipun Kuswahyo SS Raharjo menika narik kawigatosan pamaos supados maos cerkak menika ngantos pungkasaning cariyos, dipuntingali saking indikator wonten kuesioner terbuka saha tertutup. Wiwit saking tema ingkang unik kanthi pawadan boten asring wonten ing cerkak padatanipun, alur ingkang sae saha gampil dipunmangretosi, paraga ingkang cacahipun boten kathah,

panggaraping paraga ingkang ndadosaken cerkak menika sae, saha latar ingkang prasaja saha saged nyengkuyung lampahing cariyos ndadosaken cerkak menika sae saha narik kawigatosan pamaos.

5. *Horison Harapan*

a) **Pamanggih tumrap *Norma-norma* wonten *Salebeting Teks***

Padatanipun, wosing cerkak namung ringkes, boten ngantos *detil-detil* kusus. *Struktur* cerkak sae saha sedaya *unsur terintegrasi* kanthi *koheren* ndadosaken pamaos maos cerkak ngantos pungkasan. Adhedhasar *kuesioner tertutup*, 14 mahasiswa sarujuk, 5 mahasiswa kirang sarujuk, saha 1 mahasiswa mangu-mangu. 17 mahasiswa sarujuk menawi wosing cerkak menika sae, 1 mahasiswa kirang sarujuk, 1 mahasiswa mangu-mangu, saha 1 mahasiswa boten sarujuk.

b) **Kawruh saha *Pengalaman Pamaos***

Aspek menika gayut kaliyan kawruh saha pengalaman pamaos tumrap *teks* ingkang sampun dipunwaos saderengipun. Langkung kathah *teks sastra* ingkang sampun dipunwaos, utamanipun tumrap *karya sastra* cerkak, langkung wiyar saha kathah *pengalaman* pamaos. *Kemampuan* kasebut mumpangat kangge mangretosi makna ingkang wonten salebeting cariyos ingkang dipunwaos.

c) ***Pertentangan antawisipun Fiksi saha Kasunyatan***

Saperangan cerkak nedahaken *ironi* minangka *gambaran* wonten gesang padintenan ingkang nyata, semanten ugi cerkak menika. Wonten cerkak Dhokter Jagad, *ironi* ingkang

kagambaraken inggih menika nalika putranipun Oplet sakit, dipunbekta ing rumah saking papan Oplet nyambut damel, kanthi pangajab angsal *gratisan*. Ananging kasunyatanipun boten kados makaten. Dhokter ingkang tepang kaliyan Oplet boten mujudaken pangangen-angenipun Oplet. Cacahipun 15 mahasiswa sarujuk menawi cerkak menika ngandhut *ironi* ingkang sae, 4 mahasiswa kirang sarujuk, saha 1 mahasiswa mangu-mangu.

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan wonten *kuesioner terbuka* saha *tertutup* ing nginggil saged dipunmangretosi menawi *respon* pamaos tumrap cerkak *Dhokter Jagad* nedahaken *respon* ingkang sae. *Responden* nedahaken *ketertarikan* tumrap cerkak *Dhokter Jagad* anggitanipun Kuswahyo SS Raharjo. Dudutan saking sakawan *aspek* wonten nginggil mujudaken *respon* mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2014 tumrap cerkak *Dhokter Jagad* anggitanipun Kuswahyo SS Raharjo menika narik kawigatosan pamaos supados maos cerkak menika ngantos pungkasaning cariyos, dipuntingali saking *indikator* wonten *kuesioner terbuka* saha *tertutup*. Wiwit saking *tema* ingkang *unik* kanthi pawadan boten asring wonten ing cerkak padatanipun, *alur* ingkang sae saha gampil dipunmangretosi, paraga ingkang cacahipun boten kathah, panggaraping paraga ingkang ndadosaken cerkak menika sae, saha *latar* ingkang prasaja saha saged nyengkuyung lampahing cariyos ndadosaken cerkak menika sae saha narik kawigatosan pamaos.

DUDUTAN

1. Cerkak *Dhokter Jagad* menika dipuntanggapi dening mahasiswa kanthi sakawan *aspek* inggih menika *tema*, saha *fakta* cariyos (*alur*, panggaraping paraga, sarta *latar*). *Resepsi* mahasiswa wonten perangan *tema* kathah-kathahipun gadhah pamanggih menawi *tema* wonten cerkak menika *unik* kanthi pawadan boten asring wonten ing cerkak sanesipun. Wonten perangan *alur*, saperangan ageng mahasiswa nedahaken menawi *alur* cerkak menika sae saha cetha kanthi pawadan gampil dipunmangretosi. *Resepsi* mahasiswa wonten babagan panggaraping paraga kathah-kathahipun ngandharaken menawi paraga wonten cerkak menika sae kanthi pawadan saged narik emosi pamaos lumantar pacelathon ing antawisipun paraga. Ananging antawisipun paraga *protagonis* saha *antagonis* boten dipuntetepaken kanthi cetha. Wonten babagan *latar*, saperangan ageng mahasiswangandharaken menawi *latar* cerkak menika narik kawigatosan pamaos kanthi pawadan *latar* wonten cerkak menika prasaja, cetha, saha ringkes.
2. *Horison harapan* mahasiswa dipunmangretosi adhedhasar *latar belakang pendidikan, pengalaman*, saha kawruh pamaos. *Latar belakang pendidikan* pamaos inggih menika mahasiswa *program studi* Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2014.

PAMRAYOGI

Saking panaliten *resepsi* mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2014 tumrap cerkak *Dhokter Jagad* ingkang sampun katindakaken, tamtu kemawon wonten pamrayogi. Pamrayogi kasebut kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. Kangge *pengajar*, kedah ningkataken *frekuensi diskusi* nalika *proses pembelajaran* saha paring *motivasi* kangge *peserta didik* supados sregep maos *karya sastra*, mliginipun ingkang ngginakaken basa Jawi.
2. Kangge mahasiswa, kedah ningkataken *apresiasi karya sastra*, mliginipun *karya sastra* mawi basa Jawi. Munpangat maos *karya sastra* mawi basa Jawi saged ugi kangge ningkataken *kemampuan berbahasa* tumrap mahasiswa.
3. Kangge panaliten salajengipun, kedah ngawontenaken panaliten sanesipun ngengingi *resepsi pamaos* kanthi *sampel* saha *karya sastra* ingkang beda, satemah kathah *karya sastra* ingkang dipun-*resepsi* dening pamaos. Sasanesipun menika, panaliten *resepsi sastra* ugi saged kangge nepangaken *teori resepsi sastra* dhateng masarakat.

KAPUSTAKAN

- Jabrohim (ed). 2015. *Teori Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Junus, Umar. 1985. *Resepsi Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Segers, Rien T. 2000. *Evaluasi Teks Sastra*. Keterjemahaken dening Prof. Dr. Suminto A. Sayuti. Yogyakarta: Adicita Karya Nusa.
- Susanto, Dwi. 2016. *Pengantar Kajian Sastra*. Yogyakarta: Caps.